

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab diguar ngeunaan (1) Kacindekan, (2) Implikasi, jeung (3) Rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan média *Cue Card* dina pangajaran panumbu catur ka siswa kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh ngagunakeun média *Cue Card* di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023 rata-ratana nyaéta 63,24. Hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang atawa acan ngahontal KKM. Ieu hal katitén dina rata-rata unggal aspékna nu masih kénéh kurang, nyaéta: 1) aspék basa rata-ratana 28,28 tina skor maksimal 45, kaasup kana katégori kurang; 2) aspék eusi rata-ratana 21,76 tina skor maksimal 35, kaasup kana katégori kurang; jeung 3) aspék tagog rata-ratana 13,19 tina skor maksimal 20.
- 2) Kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur sanggeus ngagunaeun média *Cue Card* di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023 rata-ratana nyaéta 84,13 kagolong kana katégori hadé atawa ngaleuwihan KKM. Ieu hal dumasar aspék-aspékna nyaéta: 1) aspék basa rata-ratana 38,08 tina skor maksimal 45, kaasup kana katégori hadé. 2) aspék eusi rata ratana 29,38 tina skor maksimal 35, kaasup kana katégori hadé; 3) aspék tagog rata-ratana 16,66 tina skor maksimal 20, kaasup kana katégori hadé.
- 3) Aya béda nu signifikan antara kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023. Katitén tina rata-rata *pretest* 63,24 sedengkeun rata-rata *posttest* 84,13. Béda kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023 dibuktikeun ku hasil uji hipotésis. Uji nu digunakeun nyéta

Rita Mariam, 2023

MÉDIA CUE CARD DINA PANGAJARAN PANUMBU CATUR (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository@upi.edu | perpustakaan@upi.edu

Statistic Parametric kalawan uji *Paired Sample T-test Kolmogorov-Smirnov*. Nilai signifikasinina nyaéta 0,000 atawa $< 0,05$. Ku kituna, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina, aya béda nu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékek taun ajar 2022/2023. Cindekna média *Cue Card* cocok dina pangajaran panumbu catur.

5.2 Implikasi

Larapna média *Cue Card* dina pangajaran panumbu catur di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékek taun ajar 2022/2023 miboga implikasi yén ieu média bisa ditarima ku siswa. Dina prak-prakanana, katitén siswa kairut ku ieu média ku sabab halaman sampulna nu bisa dijieun saluyu jeung kréativitas séwang-séwangan. Siswa bisa nyarita kalawan hadé tur merenah kalawan nyinekel kana poko-poko bahasan. Satuluyna siswa nu ngalaman kasusah dina nalar atawa ngapalkeun matéri anu rék diguar ngarasa kabantu. Tuluy siswa jadi leuwih aktif tur sumanget nalika nginghareupan tés prakték.

Disagédéngun kaonjoyanna, aya ogé bangbaluh anu karandapan nalika ngalarapkeun média *Cue Card*. Sanajan ieu média dijieun ngagunakeun aplikasi digital, tapi wangunna nu mangrupa *perangkat keras* nyieun ieu média tetep kaciri konvensional jeung kurang ngalarapkeun téhnologi.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan média *Cue Card* dina pangajaran panumbu catur di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékek taun ajar 2022/2023, aya sawatara rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna. Rékoméndasina ébréh ieu di handap.

- 1) Média *Cue Card* bisa dijadikeun alternatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur.
- 2) Média *Cue Card* nu dipaké dina ieu panalungtikan masih kénéh dina wangun fisik. Pikeun panalungtik satuluyna, bakal leuwih hadé nalika ieu média bisa dimodifikasi sangkan bisa dimangpaatkeun sacara digital sagemblengna.

- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep média *Cue Card* leuwih dipikanyaho tur dimangpaatkeun teu wungkul dina pangajaran panumbu catur tapi ogé dina pangajaran nu lianna.